

FÒMIÈ POU POTE PLENT SOU ENTÈNÈT 24 SOU 24  
WWW.FLORIDAPSC.COM

## Pwogram Lifeline Assistance lan

ede rann sèvis telefòn abòdab  
pou kliyan ki pap fè anpil lajan  
nan Eta kote nou rete a.

### Lifeline Assistance

bay yon rabè ki omwen \$9.25  
chak mwa sou bòdwo  
telefòn nan zòn nan.  
Nan yon peryòd ennan,  
sa ba w yon ekonomi ki omwen  
**\$111.00.**

Depatman Sèvis Piblik Eta Florid la  
vle tout moun ki kalifye, ki pa fè  
anpil kòb, ki rete nan  
Eta Florid, resevwa diskont sa a.

FÒ W ENSKRI  
POU W KA PRAN AVANTAJ SAA.

Si w gen plis kesyon, tanpri telefone  
Depatman Sèvis Piblik la (PSC) nan

**1-800-342-3552.**



Pwogram "LIFELINE ASSISTANCE" lan  
se pwogram Eta a ofri. Se Depatman Sèvis  
Piblik Eta Florid (Florida Public Service  
Commission) ki apwouve li.

Si w gen nenpòt kesyon, ou mèt telefone  
Depatman Sèvis Piblik Eta Florid,  
Seksyon Kontwòl Konfòmite ak Èd pou  
Konsomatè nan nimewo  
1-800-342-3552,  
voye kesyon pa faks nan  
nimewo 1-800-511-0809, oswa  
kontakte FPSC nan adrès imel sa a:  
contact@psc.state.fl.us.

Oubyen ekri yon lèt voye bay Biwo Sèvis  
Piblik Eta Florid, ak Èd pou Konsomatè nan  
2540 Shumard Oak Boulevard  
Tallahassee, Florida 32399-0850

Tcheke paj akèy nou sou entènèt la nan  
[www.FloridaPSC.com](http://www.FloridaPSC.com)



## Eta Florid Pwogram Lifeline Assistance

YON PIBLIKASYON  
KOMISYON SÈVIS PIBLIK ETA FLORID

## KESYON ak REPONS

Èske pi fò konpayi telefòn ofri pwogram “Lifeline” nan?

Wi. Konpayi ki bay pi fò moun ki rete Florid sèvis telefòn, ofri pwogram nan, ata kèk konpayi telefòn selilè tou.

Èske yo kapab koupe sèvis apèl lokal “Lifeline” mwen si m gen bòdwo mwen dwe pou apèl long distans?

Non. Men yo kapab bloke sèvis long distans ou.

Mwen pa gen sèvis telefòn kounye a poutèt mwen poko peye yon ansyen bòdwo telefòn. Epi tou mwen pa gen bon kredi. Èske mwen kab toujou jwenn “Lifeline”?

Wi. Konpayi telefòn nan kapab egzije w peye pa ti moso pou pati apèl lokal ansyen bòdwo a. Si w poko peye sa w dwe pou apèl long distans, ou ka oblije fè yo bloke apèl long distans sou telefòn ou.

Èske m dwe peye yon depo pou “Lifeline”?

Si w fè yo bloke sèvis apèl long distans ou, konpayi telefòn nan pa kab fè w bay yon depo.

Ki sa k pral rive sèvis “Lifeline” mwen apre m pa kalifye pou li ankò?

Ou ta dwe rele konpayi telefòn ou pou w mande yo Èd “Lifeline” pou yon ti bout tan (Transitional Lifeline Assistance). Se yon pwogram Eta a ki ba ou yon diskont 30% sou pri fiks yo fè moun peye chak mwa pou sèvis de baz pou kay yo. Ou kapab jwenn diskont sa a pou ennan apre ou pa kalifye ankò pou pwogram nòmal “Lifeline” nan.

Si mwen resevwa rabè “Lifeline” nan, èske sa ap ajri sou avantaj mwen jwenn nan lòt pwogram (paregzanp: kupon manje)?

Non.

Èske byen mwen genyen, tankou si m gen yon machin, kapab fè lajan m ap touche a pa kalifye pou pwogram yo?

Non, laj se pa yon faktè pou detèmine kalifikasyon.

Èske m dwe rive yon sèten laj pou m sa kalifye pou pwogram “Lifeline” nan?

Non. Granmoun tout laj gen dwa kalifye.

## ÈSKE MWEN KALIFYE?

WI, SI OU RESEVWA

ÈD ETA FLORID OSWA ÈD GOUVÈNMAN FEDERAL

NAN:

- ◆ Èd lajan tanporè
- ◆ Pwogram Nitrisyon Sipleman (SNAP)
- ◆ Mediked
- ◆ Pwogram pou ede fanmi ki pa fè anpil lajan peye kouran ak chofaj pou kay yo (LIHEAP)
- ◆ Lajan sosyal sipleman (SSI)
- ◆ Pwogram Gouvènman federal pou ede moun peye lwaye kay yo (Seksyon 8)
- ◆ Manje midi gratis nan pwogram nasyonal pou peye manje lekòl (NSL)

*Met sou sa, si w rete yon kote leta federal rekonèt kòm bitasyon tribi Endyen epi ou kalifye pou w resevwa èd nan Biwo Dafè Endyen sou koze èd tanporè pou fanmi Endyen ki nan bezwen, nan Pwogram Sibvansyon Head Start oswa nan Pwogram NSL la, ou kalifye pou pwogram TRIBAL LINK-UP ak LIFELINE ASSISTANCE pwolonje a.*

OUBYEN

Wi, si kòb w ap touche a nan limit

REGLEMAN SALÈ YO:

Kantite moun ki nan kay la	Valè lajan nou fè nan kay la chak A N E*	Valè lajan nou fè nan kay la chak M W A*
1	\$16,389	\$1,366
2	\$22,221	\$1,852
3	\$28,053	\$2,338
4	\$33,885 **	\$2,824

\* Ki omwen 135% limit povrete peyi Etazini  
\*\* Pou chak grenn moun anplis, ajoute \$5,832

## KI JAN POU M ENSKRI?

SI OU RESEVWA ÈD ETA FLORID OUBYEN ÈD GOUVÈNMAN FEDERAL:

Premyèman, si ou pa gen sèvis telefòn lakay ou, w ap bezwen kontakte yon konpayi nan zòn bò lakay ou ki bay sèvis telefòn lokal pou yo vin mete sèvis telefòn pou ou, apre sa w a enskri nan pwogram “Lifeline Assistance” lan.

**Ou gen sèvis telefòn deja?** Sa fasil pou w enskri. Ou kapab rele konpayi telefòn ou an epi mande yo ede w enskri nan pwogram “Lifeline Assistance” lan.

OUBYEN

Ale nan paj wèb “Lifeline” sou sit wèb PSC a nan [www.FloridaPSC.com/utilities/telecomm/lifeline](http://www.FloridaPSC.com/utilities/telecomm/lifeline) pou w kab enskri sou entènèt oswa pou w kab jwenn yon fèy enskripsyon pou w mete sou papye.

**Ou vle enskri sou entènèt?** Si yo patisipe nan SNAP oswa Medicaid, tou senpleman ranpli aplikasyon an sou entènèt lè l sèvi avèk pwosesis aplikasyon an Lifeline Otomatik sou entènèt ak klike sou Soumèt voye aplikasyon ou dirèkteman nan konpayi telefòn ou.

**Ou vle voye enskripsyon ou pa lapòs oswa pa faks?** Senpleman enprime epi konplete Fòm Sètifikasyon Lifeline la. Lè sa a, voye oswa faks li nan adrès la oswa nimewo faks pou konpayi telefòn ou ki nan lis sou sit wèb la PSC.

OUBYEN

Si se premye fwa w ap enskri oswa si w ap resètifye nan Depatman Eta Florid pou Timoun ak Fanmi (DCF) pou wè si w kalifye pou w resevwa: ◆ SNAP ◆ Mediked

Aprè sa

Ou kapab chwazi pou yo enskri w otomatikman nan pwogram “Lifeline” nan lè w al enskri nan Depatman pou Timoun ak Fanmi an.

SI KÒB W AP TOUCHE A NAN LIMIT REGLEMAN SALÈ YO:

Rele **1-800-540-7039** pou (Biwo Konsèy Piblik la “Office of Public Counsel” nan Tallahassee) epi mande pou yo ede w enskri nan pwogram “Lifeline” nan.

OUBYEN

Telechaje yon aplikasyon nan sit [www.floridaopc.gov/lifeline.cfm](http://www.floridaopc.gov/lifeline.cfm) epi sèvi ak adrès ki nan fen aplikasyon an pou w voye l bay Biwo Konsèy Piblik la pa lapòs.